

## **BAB V**

### **KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMENDASI**

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar kana tujuan panalungtikan, ieu panalungtikan dilaksanakeun pikeun maluruh jeung mikanyaho unsur objéktif jeung éksprésif, ngaliwatan ulikan struktural jeung jeung ulikan éskprésif sarta prosés kréatif pangarang novel *Handeuleum na Haté Beureum* pikeun bahan pangajaran maca novel di SMA Kelas XI. Méthode anu digunakeun nyaéta *deskriptif kualitatif* sarta téhnik wawancara jeung dokumentasi. Tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan ulikan struktural beunang Robert Stanton jeung unsur éksprésif M. H Abrams.

Kapaluruh unsur éksprésif Chyé Rétyy Isnéndés ngawengku *kontemplasi*, *spontanitas*, *intuisi*, pangalaman, *intelengensi*, *integrasi*, kapribadian, emosi, konsep seni, kakuatan batin, rasa jeung *imajinasi*. Tina unsur éksprésif nu kapaluruh katitén yén aya hasil tina data jeung fakta Chyé Rétyy Isnéndés dingagelarkeun karyana novel *Handeuleum na Haté Beureum*. Dina kontemplasina Chyé Rétyy nyurahan eusi carita sacara teleb, jeung diteuleuman sacara enya enya, ku kituna puseur implengan nu dipaké dina novel *Handeuleum na Haté Beureum* maké jalma katilu nu sagala nyaho, lian ti éta merhatikeun sasaran nu maca, dina spontanitasna dina bagian eusi carita aya ide nu dadakan ujug-ujug muncul, dina intuisi ngagumulungkeun pangalaman jeung hasil literasina, dina pangalaman kajadian anu kungsi karandapan ku Chyé Rétyy waktu ngaluuhan kagiatan ngeunaan tradisi lisan di Pamanukan, Subang, intelegensi, pangaweruhna kana sastra jeung jembarna literasi Chyé Rétyy ngeuyeuban kana eusi caritana, dina integrasina Chyé Rétyy nyaluyukeun palaku utama na mahasiswa lantaran dina nyiptakeun éta novel téh waktu status anjeunna masih mahasiswa, kapribadian nu témbong dina novelna jeung pribadi Chyé Rétyy sarua miboga pribadi nu gedé kawani, rasa dina nyurahan novel téh aya karep pikeun ngawanohkeun karagaman budaya nu aya di Indonésia, émosi Chyé Rétyy mihapékeun sagala nu karasa ka palaku utama jeung palaku séjénna boh gumbira, boh sedih, hanjakal deudeuh jeung sajabana, konsep seni na katitén dina euyeubna carita ku rupa-rupa kekecapan nu murwakanti, tembang cianjuran sarta aya dina dialog atawa narasina, kakuatan batin

Cucu Suminar, 2021

**ULIKAN OBJÉKTIF JEUNG ÉKSPRÉSIF NOVEL**

**HANDEULEUM NA HATÉ BEUREUM KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS**

**PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA KELAS XI**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

katitén dina penggambaran tokohna nu hayang leuwih némbongkeun tokoh wanoja Sunda nu béda jeung ilaharna, imajinasi Chyé RéTTY kapaluruh yén novel *Handeuleum na Haté Beureum* téh 40% mangrupa fakta sarta nu 60% na mangrupa daya imaji atawa data.

Proses kreatif Chyé RéTTY téh kapaluruh tina unsur ékspresifna yén nu jadi titik pamiangan nu jadi cukang lantaran gumlerana novel *Handeuleum na hate Beureum* téh nyaéta pangalaman anjeunna waktu semester ahir S1 ilu biung dina kagiatan pelatihan di Pamanukan, Subang anu direukahan jeung dikokolakeun deui ku imaji jeung kajembaran hasil literasina.

Dumasar kana hasil panalungtikan novel *Handeuleum na Haté Beureum* téh bisa dipaké pikeun ngeuyeuban bahan pangajaran maca novel, hususna pangajaran maca novel di SMA Kelas XI aya dina Kompetensi Dasar (KD) lantaran novelna ogé kaasup kana jinis novel pikeun bacaeun déwasa lian ti éta hasi panalungtikan nu dijadikeun bahan pangajaran lantaran luyu jeung kritérian dina milih bahan pangajaran.

## 5.2 Implikasi

Tina ieu panalungtikan dipiharep méré pangaweruh jeung kajembaran dina widang sastra. Utamana ngeuyeuban pangaweruh sastra Sunda ngeunaan prosés kreatif hiji pangarang dina ngagelarkeun karyana. Sarta bisa nambahan referensi pikeun mahasiswa, dipiharep ogé pikeun guru bisa ngeuyeuban deui bahan pangajaran ngeunaan novel Sunda, pikeun masarakat novel *Handeuleum na Haté Beureum* téh mangrupa gambaran tina bébédaan étnis nu aya di Indonésia, ku kituna dipiharep bisa silih hargaan najan aya bébédana.

## 5.3 Rekomendasi

Sabada panalungtikan ngeunaan unsur objéktif jeung ékspresif kana novel *Handeuleum na Haté Beureum* karya Chyé RéTTY Isnéndés dilaksanakeun tangtu loba kénéh kakurangan, panalungtik ngarasa perlu nepikeun sababaraha rekoméndasi pikeun pihak anu aya patalina jeung ieu panalungtikan. Anu kahiji dina tiori M. H Abrams aya opat pamarekan, dua di antarana geus dilaksanakeun ku panalungtik

dipiharep pamarekan mimétik jeung pragmatik bisa dilaksankeun ku panalungtik séjén. Dina unsur ékspresif jeung ngaguar prosés kréatifna pangarang panalungtik ngarasa loba kénéh kakurangan, pikeun panalungtik saterusna dipiharep sangkan leuwih nyosok jero deui kasang tukang ti pangarangna, nu kadua dipiharep bisa ngaronjatkeun deui pangaweruh jeung ngajembaran deui sumber-sumber pikeun panalungtikan saterusna.